

Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**NAN OKAZYON JOUNEN SOUVNI TRANSJAN AN GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE  
NOUVO MEZI POU PWOTEJE NOUYÒKÈ TRANSJAN EPI KI GEN SÈKS NON  
KONFÒMIS YO**

***Li Bay DFS a pou Pwopoze Nouvo Règleman pou Pwoteje Plis Aksè ak Asirans  
Sante pou Moun ki Transjan epi ki gen Sèks Non Konfòm is yo***

***Li Bay Enstriksyon ak DHR an pou Devlope Kanpay Sansibilizasyon pou GENDA***

***Anba Enstriksyon Gouvènè a, Sèvis Sivil la Elimine Baryè ak Pwosedì pou  
Konfime Sèks yo pou Plan Empire Eta a***

Nan okazyon jounen souvni transjan an, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo mezi pou pwoteje Nouyòkè transjan epi ki gen sèks non konfòm is yo. Gouvènè a te bay enstriksyon ak Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) pou pwopoze nouvo mezi pou pwoteje pi plis asirans sante pou moun transjan epi ki gen sèks non konfòm is yo. Gouvènè a tou bay enstriksyon ak Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights, DHR) pou devlope yon kanpay sansibilizasyon piblik sou Lwa sou Non-Diskriminasyon Akòz Ekspresyon Sèksyèl (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA) la ki tap lanse an Janvyè pou anivèsè yon ane siyati lejislasyon anblematik sa a.

"New York se fwaye fyè mouvman dwa LGBTQ a, epi ane sa a nou te bati sou eritaj sa a nan adopte pwoteksyon enpòtan pou moun transjan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Moun transjan epi ki non konfòm is yo toujou ap fè fas ak diskriminasyon ak vyolans chak jou, epi mezi enpòtan sa yo voye yon mesaj klè ke New York pral toujou kanpe pou chak grenn manm fanmi LGBTQ nou an kèlkeswa sa ki pase a nan Washington."

Eta New York genyen kèk nan pwoteksyon ki pi solid yo nan nasyon an pou aksè ak asirans sante pou Nouyòkè transjan yo. Poutan, moun ki transjan epi ki non konfòm is yo toujou ap fè fas ak refi pou swen nesèsè, ki ka sove lavi yo. Pou pwoteje pi plis aksè pou kouvèti pou transjan ak non konfòm is yo nan plan swen sante komèsyal yo, DFS la pral pwopoze mezi pou:

- Pibliye règleman pou kodifye lèt sikilè aktyèl DFS yo konsènan kouvèti pou disfori sèksyèl, kouvèti pou sèvis ki pa konsène sèks espesifik yo, ak kouvèti pou Pwofilaksi Preyekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP);
- Pibliye règleman pou klarifye entèdiksyon yo konsènan diskriminasyon akòz idantite seksyèl nan asirans sante;
- Egzije ajan apèl ekstèn ki gen eksperyans nan sante transjan yo nan mezi ki posib;

- Travay avèk Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) la pou anpeche eksklizyon kategorik yo nan plan asirans sante yo pou sèvis pou konfime sèks yo dekwa pou yo ka resevwa revizyon nesosite medikal yo merite a.

Anba enstriksyon Gouvènè a, Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil Service) la te elimine tou kèlkeswa baryè anplis la pou aksede ak pwosedi pou konfimasyon sèks yo nan plan Empire Eta a. Plan Empire a se opsyon plan sante pou plis pase 1 milyon anplwaye Eta a ak gouvènman lokal yo ak manm fanmi yo. Aksè ak sèvis pou konfimasyon sèks yo nan Plan Empire a sèvi kòm yon modèl pou konpayi asirans sante yo atravè Eta New York epi nan tout nasyon an epi li fonde sou efò New York yo pou asire dwa egal ego ak pwoteksyon pou tout moun.

25 Janvyè 2019 la, Gouvènè Cuomo [te siyen](#) Lwa sou Non-Diskriminasyon Akòz Ekspresyon Seksyèl la, sa ki vle di yon viktwa anblematik pou kominote LGBTQ a. DHR la pral lanse yon kanpay edikasyon piblik pou repann konsyantizasyon sou pwoteksyon sa yo. Kanpay sa a pral gen ladan materyèl anplis sou konnen dwa ou, konsèy legal pou anplwaye yo, pwopriyete yo, ak lòt ankò konsènan obligasyon yo anba lwa a, epi yon evènman pou selebre anivèsè yon ane siyati GENDA a. GENDA a entèdi patwon travay yo, enstitisyon edikatif yo, pwopriyete kay yo, bank kredi yo, ansanm ak lòt antite yo pou yo fè diskriminasyon kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl, epi komèt enfrazyon krim rayisab sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl anba Lwa Eta New York lan.

**Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare,** "New York gen zewo tolerans pou kèlkeswa tantativ pou anpyete sou dwa moun yo, espesyalman aksè ak swen sante ki gen kalite. Kòm gouvènman federal la kontinye pase anba pye pwoteksyon pou moun ki transjan epi ki gen sèks non konfòm yo, New York pral kontinye defann dwa imen fondamantal, endiskitab sa yo epi nou ap raple Washington pou fè travay yo pou pwoteje tout moun, espesyalman sila yo ki te fè fas istorikman ak diskriminasyon".

**Komisè Divizyon Dwa Imen an, Angela Fernandez, te deklare,** "Nan okazyon Jounen Souvni Transjan an (Transgender Day of Remembrance), nou ap onore memwa moun ki transjan yo ki te pèdi lavi yo akòz vyolans ki baze sou rayisans. Divizyon Dwa Zimen an kanpe avèk kominote transjan an epi li pral asire ke tout Nouyòkè yo konnen dwa ak obligasyon yo anba Lwa sou Dwa Imen an (Human Rights Law). Eta New York pral rann moun yo ki angaje yo nan prejije ak diskriminasyon baze sou idantite seksyèl responsab pou aksyon yo a".

**Lola W. Brabham, ki se Komisè Pa Enterim nan Depatman Sèvis Sivil la, te deklare,** "Eta New York se yon lidè nasyonal nan pwomouvwa dwa LGBTQ a epi anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou kontinye pran mezi san presedan pou asire ke yo trete tout Nouyòkè yo egal ego, kèlkeswa idantite seksyèl yo oswa oryantasyon seksyèl yo, epi ke yo viv san diskriminasyon. Ekspansyon Plan Empire a ilistre sipò endefektib pou kominote LGBTQ a epi yo ta dwe konsidere li kòm yon modèl pou tout plan yo atravè nasyon an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)